Landstinget Kronoberg

# Пациентан мах

Берашна а, кегийрхошна а медицински дарба лелор мехаза ду, 19 шо кхаччалц. Делахь а, цу юкъа ца догIу массо беран ян еза вакцинацин программехь доцу молханаш а, мехий а, кхин долу дарбан бахьнаш лелор а.

**Лоьран тIе вар**

| | |
|---|---|
| Кхоштан vårdcentral-ер лоьран тIевар | 150:- |
| Лоьран цIа ван дезнехь | 0:- |
| Jourcentral-ер лоьран тIевар | 300:- |
| Больницер, я приватни лоьран тIевар | 300:- |
| Доьххьара тIевар, масала vårdcentral-ер тIехьажийна | 150:- |
| Дийнахь стационарни дарба лелор, лоьраца (юург ца лоруш) | 300:- |
| Телефонац тIевазвала/лоьраца дагавала | 100:- |

**Кхин долу дарба лелор**

| | |
|---|---|
| Vårdcentral-ер, я больницер, я психиатрин медсестран тIевар | 100:- |
| Телефон-рецепт | 100:- |
| Нанойн а, берийн а могушалла | 0:- |
| Гимнаст-лоьран, логопедан, терапевтан, психологан тIевар | 100:- |
| Дарбан гIирс табар | 0:- |
| Группехь дарба лелор, масала бассейн, я деган гимнастика | 50:- |
| Лоьран тIе варца доьзна рентген яккхар | 0:- |
| Vårdcentral-ер тIехьажийна рентген яккхар | 150:- |
| Лоьро тIехьажийна рентген яккхар, кхечу дийнахь | 300:- |
| Анализ эцар, кхечу вовшахкхетарца доьзна доцу | 100:- |
| Дийнахь стационарни дарба лелор, юург ца лоруш | 100:- |

**Цхьана цамгарца доьзна доцург**

| | |
|---|---|
| Маммографи | 200:- |
| Гинеколагас мазок эцар, кхайкхина тIе еанехь | 100:- |
| Гинеколагас мазок эцар, шен лаамехь еанехь | 200:- |

**Вакцина тохар, справка яккхар, кхин дерг**

Вакцине а, справкане а хьажжина хуьлу церан мах. Къаьстина кхераме лерина йолчу тобанашна гриппан а, пневмококан а доьхьал вакцина мехаза ю.

**Дийнахь стационарни дарба лелош юучун мах**

| | |
|---|---|
| Делкъан кхача | 54:- |
| Делкъан кхача (lätt) | 39:- |

**Больнице чувижар**

Хьан больнице чувижан дезахь, 1 ден мах 80 крон хира бу. Хьан 20 шо кхаьчнехь.

**Лахар мах**

Чувижина хан дукха яхъеллехь, хьан 1 ден мах охьаболу 91-чу дийнера дуьйна.

12 бетта юкъахь ахь 100 дийнал сов хан чувижина яьккхинехь, тIаккха а хьан 1 ден мах охьаболу.

Хьан тIедогIу ахча, масала пенси, шеран барамехь 80 000 кронел кIеззиг делахь, хьан 1 ден мах охьаболу. Хьо 40 шерал жима велахь, ткъа цхьа цамгар бахьанех пособин тIехь велахь, хьан доьххьарлера 30 ден мах охьаболу. Хьо чу моссуз вуьжу лоруш ду иза.

Мах охьабаккхар дехар хьан хьайн декъар ду. Хьайн оьшург персонале хатта.

**Ахча дIадалар**
Чувижина яьккхинчу хенан мах карахь долчуьнца, я карточкица дIабалан йиш ю хьан. Ткъа иза фактураца луш белахь, оцу механ тIе кхин 50 крон кхета.

**Сов мах баларх ларвар**
12 беттан юкъахь дарба лелорах цкъа а 900 кронел сов дала декхар дац ахь. Иза 900 крон хьан дуьзначул тIаьхьа, хьуна frikort догIа. Оцу 900 кронан чу ларан йиш ю областехь массо кепара дарба лелор, приватни лоьраш цхьана. Иштта областан арахь лелийна долу дарба а чулору, нагахь иза йиллина финансировани йолуш хиллехь.

Иза массо мехаш вовшахбеттар, цара иза 900 крон дузаре хьажар, хьан хьайн декхар ду.

ХIара хIумнаш юкъа догIуш дац оцу механ:

- чувижина волуш ахь йина харжаш (sluten vård)
- шен чоьтах дарбан гIирс
- вакцинаш
- справка
- цамгарца доьзна доцу дарбан бахьанш
- нисделла доцу лоьран тIевар

**1800 молханех**
12 беттан юкъахь хьан молханех цкъа а 1 800 кронел сов дала декхар дац ахь. Иза 1 800 крон хьан дуьзначул тIаьхьа, хьуна frikort догIа.
Берийн а, иштта 18 шо кхачанза болу кегийрхойн а, уьш цхьана доьзалер белахь, шайн молханех яьлла харж цхьаьнатоха йиш ю.

**12 беттан юкъахь ахь молханех духкун дерг:**

| Молханийн мах, крон | Хьан дакъа, процентехь | Уггаре дукха ахь лун дерг |
|---|---|---|
| -900 | 100 % | -900 |
| 900-1 700 | 50% | 900-1 300 |
| 1 700-3 300 | 25% | 1 300-1 700 |
| 3 300-4 300 | 10% | 1 700-1 800 |
| 4 300- | 0% | 1 800 |
| | | |

Кхин хаттарш делахь, аптеке зIаьй тоха.

**ТIеван йиш ца хилар**
Нагахь хьайн йилинчу хенахь хьан тIеван йиш яцахь, зIаьй тохе иза хан уггаре тIаьхьа 1 де хьалха дIаяккха. ТIаккха иза хан кхечуна дIаяла йиш хира ю. Амма, ахь иза дIа ца яьккхахь, оцу тIеваран мах тIаккха дIа балан дезар ду хьан, цул совнах фактуран мах 50 крон а.

**ТIе ца лоцуш хан ялар**
Хьо лоьро тIе ца лоцуш 30 минот яьллехь, хьан бакъо ю хьайн ахча духа деха. Персонале хаттар де оцу хьокъехь.

**Дарба лелор нис ца далар**
Хьан плане йилина йолу операци, лор хьажар, я кхин долу дарб лелор нис ца деллехь, цхьайолу хьан харжаш меттахIоттон йиш ю хьан. Амма, гIуллакх цхьа дагахь доцчу чолхе хьоле даьллехь, хьан харжаш метта хIоттор яц.

**Клиентийн сервис**
Фактурех лаьцна хаттарш дуй хьан? Областан клиентийн сервисехь хьан харжашца доьзна хаттаршна жоп лур ду хьуна. Сов мах баларх ларварах а, frikort-ах лаьцна а дуьйцур ду. ЗIаьй тоха тхоьга хIокху лоьмарца: 0470-58 96 50.